ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№223 (22.131) ● 2011 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 25, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●КъБР-м и Парламентым

Ахъуэхъу Къанцобий

Бышэн Азрэт

Республикэм и бюджетым и къэкIуэнур

ЩIкIуэкъуэм и 22-м КъБР-м и Парламентым щыгъэхъагъэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2012, 2013, 2014 гъэхъэм и бюджет» проектым тепсэлъыхьыным теухуа зэхыхьэ. Ар къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ хабзэгъэув ГъэнатIэм и Унафэщ1 Чеченов Ануар.

ЯПЭУ ПСАЛЪЭ иратащ Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий**. Абы и къэпсэлъэныгъэм Iупщ1у кьыщиг ъэлъэгъуащ республикэм и бюджетым и проектыр щыгъэхалъхьэм кьагъэсебэпа хъуа, макроэкономикэм и щытыкIэр кьызыхэщ1ащ1ыхьэр.

ЗэIуп1эм кьекIуэлIахэр едэIуащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Бышэн Азрэти** къэпсэлъэныгъэми:

- БлэкIа илъэхэм республикэм и бюджетым хуэгъэзауэ хэхьуэ нэхьыбэ къызытурэ екIуэкIа унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм иджыри захъуэжакъым, - жиIащ абы. - Зи гугъу сщIыр промышленностымкIэ, мэкъумэш хозяйствэмкIэ, ухуэныгъэмкIэ, розничнэ сатумрэ щIыхуухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщ1эныкIэ диIа хэхъуэхэрщ. Апхуэдэу зэхыхьэм къыщыпсэльащ КъБР-м и Парламентым и Комитетым и унафэщI Ахъуэхъу Къанцобий.

Къэпсэлъэныгъэхэм едэIуаэхэр арэзы техьауад 2012 гъэм хуэгъэзауэ КъБР-м и бюджетым и проектыр зэхэзылъхьахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым 2012 - 2014 гъэхэм социально-экономикэ и лъныкъуэкIэ зыужьыныгъуэ иIэн хуейуэ кьагъэувхэмрэ Урысей Федерацэм и Бюджет кодексымрэ зэрыратащIыхьар. Апхуэдэуи проектым къыщыдыхьа хъуащ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Парламентым Зэрызыхуигъэзамрэ бюджетыр щызэхалъхьэм щыIа налог хэхьыныбжIэ хабзэхэмрэ.

2012-2014 гъэхэм республикэм и бюджетым ахъшэу кьыхэхкIуэр зытригъэкIуэдэн хуейуэ кьагъэув унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ егъэджэныгъэм, лъэпкъ экономикэм, социальнэ политикэм, узынщагъэр хъумэным, лъэпкъ шынагъуэнщагъэр кьызэзыгъэпэщхэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ гъэлэжьэным пыщIа Iуэхугъуэхэр, нэгъуэщIхэри. Псалъэм папщIэ, кьэкIуэну илъэсищым кьриубыдэу стипендием, социальнэ дэIепыкьыныгъэ пособиехэм хагъахъуэну я гугъэщ.

Кьыхэгъэщхьпхэщ 2012 - 2014 гъэхэм кьриубыдэу республикэм и бюджетым зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр кьызэрыщ1ыхьар. Псалъэм папщIэ, федеральнэ бюджетым кьикIыу язныкьуэ унэтIыныгъэхэр гъэзэщIэныкIэ КъБР-м сом мелуан 228,5-рэ кьыIэрыхьэнущ.

УзыщыгуфIыкI хъуну хъыбархэм ящыщщ Парламентым щекIуэкIа зэхуэсым хэтахэм анэдэлъхубзэхэм заужьыныкIэ 2012 - 2016 гъэхэм хуэгъэза проектыр гъэхьэзырыныр лъэпкъыбзэхэр зэрырагъэдж тхылъхэр егъэфIэкIуэныкIэ 2007 - 2011 гъэхэм щыIа республикэ программэм адэкIи зэрелъжьыну захъшэр хухахыну Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэр къызэрыхуриджри.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

Къумыкъу Светланэ и ехъулIэныгъэ лъагэ

●Хъыбар гуапэ

АнэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъуэ Етхуанэ Урысейпсо мастер-класс щекIуэкIащ ди къэралым и щыхьэр Москва. Зэпеуэр къызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ щIэныгъэм зегъэужьыныкIэ абы и федеральнэ Iуэхущ1апIэм Лъэпкъ щIэныгъэ IуэхуэхэмкIэ и институтымрэ.

ЛЪЭПКЪЫБЗЭХЭР езыгъэджэхэм я къэрэпсо зэхьэзэхуэм ди республикэм къыбгъэдэкIыу хэтащ Прохладнэ куейм хыхьэ Альтуд къуажэм дэт курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Къумыкъу Светланэрэ Налшык дэт курыт школ №28-м балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Глашевэ Джамилэрэ. Ахэр зэпеуэм хуигъэхьэзыращ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и эксперт нэхъыщхьэ Балэ Людмилэ. ЕгъэджакIуэхэр ди щIыпIэм илэкIэ цIэрыIуэ щыкIуат я Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ, лэжьыгъэм хуаIэ жыджэрагъымрэ зыхащIэ жэуапльныгъэмкIэ. Светланэ мызэ-мытIуэ хэтащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивалым икIи текIуэныгъэхэр къыщихьащ.

Иджырей зэпеуэми зэфIэкI лъагэхэр щагъэлъэгъуащ ди лъахэгъуэхэм. Къумыкъум ита мастер-классыр нэхъыфIхэм халъытащ икIи абыкIэ егъэджакIуэм ещанэ увыпIэр кьихьащ. Светланэ и дерсым Iэзэу хэхуэна хъуат ди лъэпкъ хабзэри, щIыналъэм и теплъэ дахэри, адыгэ фащэм и зэхэлъыкIэхэри, нэгъуэщI Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэри. Ахэр гъэхьэзырынымкIэ Къумыкъум сэбэп хуэхъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» телевиденэм и унафэщIу щыта, иджы КъБР-м ЦIыхубз хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къумахуэ Мухэдинрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ. Апхуэдэу Къумыкъур щытекIуащ «Методикэ жыджэрагъымрэ Iэзэгъымрэ» унэтIыныгъэми.

Къумыкъум и гъусэу урысейпсо зэпеуэм хэта Глашевэ Джамили абы и унэтIыныгъэ щхьэхуэм пашэ щыхъуащ. ЕгъэджакIуэхэм ябгъэдэлъ IэкIуэлъакIуагъымрэ кьахьа текIуэныгъэхэмрэ щыхьэт техьуэу, абыхэм кьыхуагъэфащащ зэхьэзэхуэм и щIыхь, фIыщIэ тхыльхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Пекин щагъэлъагъуэ

АДЫГЕЙ. ***Пекин щекIуэкIа дунейпсо художественнэ сурэт выставкэм Адыгейм и сурэтыщIхэм дыжьын медаль къыщ1ыхьащ.***

ДУНЕЙ псом и къэрал 88-м я сурэтыщIхэр зэхуэзыщэса гъэлъэгъуэныгъэм Урысейм и цIэкIэ Адыгейм щыщу 4 хэтащ икIи абыхэм я лъэныгъэ 7 щагъэлъэгъуащ. ЩIалэщIэ Картавкин Артем дыжьын медаль кьыхуагъэфэщащ. Адрей сурэттехэм я Iэдакъэщ1экIэр гъэлъэгъуэныгъэм и каталогым хагъэхьащ.

АбхъазыбзэкIэ зэреджэну тхылъ

АБХЪАЗ. ***Республикэм Абхъазыбзэм зегъэужьыныкIэ и къэрал фондым «АбхъазыбзэкIэ дыдэлъэныр» зэреджэну яп1э тхылъ гъэщIрэщIар къыдигъэкIащ. Фондым и унафэщ1 Квишвили Гурам зэрыжиIамкIэ, ар абхъазыбзэр зэзыгъэзэщIну гукъыдэж зиIэ дэтхэнэми къигъэсэбэп хъунущ.***

А ТХЫЛЪМКIэ бзэр зыджым Абхъазым и щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ щыгъуазэ зищIысфынущ. Абы итщ абхъаз тхакIуэ, щIэныгъэлI, уэрэджыIакIуэ, спортсмен, сурэтыщI цIэрыIуэ хэм, нэгъуэщI щIыхь пэрытхэми ятеуэуа тхыгъэхэр. Дзгъэнэ зы темэри лексикэ-грамматикэ дерсэхмкIэ, псалъалъэкIэ, зэпсэльэныгъэхэмкIэ кьызэгъэпэщащ.

КъШР-м и бэнакIуэхэм я текIуэныгъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Иджыблагъэ Башкортостан Республикэм щекIуэкIа бгырыпх бэнакIэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхэм республикэм и спортсменхэм ехьэлIауэ щызыIэрагъэхьащ.***

УРЫСЕЙМ и командэ къыхэхам Дунейпсо Кубокыр кьихьащ. КъШР-м и бэнакIуэхэу Мысырджэн Къазбэч, Хапаев Албэч, Токъуэ Арсен, Лайпанов Азэмэт сымэ щхьэзакъуэ зэпеуэхэм щытекIуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●ДИ КУРОРТХЭР

Нэхъри йофIакIуэ

«Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэм зыщагъэпсэхуу икIи я узыншагъэр щрагъэфIакIуэу иIэ курортхэм нобэ яIэ щытыкIэр къатщтэмэ, тхуэфIэкIыр машIэхъыну, - жеIэ «Надшык и курортхэр» ОАО-м и генеральнэ унафэщI Къаскъуэл Владимир.

АБЫ зэрыжиIамкIэ, ди щIыпIэм ит санаторэхэм зы махуэм хуэ9эу цIыху 2500-м нэс кърагъэблэгъэфIынущ. Ар екъуэлIэныгъэшхэщ ди республикэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэр, дауи, гъэм и зэманхэм лъэныкъуэ куэдкIэ елъытащ. Къыщтэмэ, гъэмахуэр сабийхэм нахь ятегъэпIауэ щытщи, ахэр нэхъыбэу къахуокIуэ, ауэ бжыхьэ, щIымахуэ лъэхъэнэхэри куэдкIэ нэхъ цIыхуншэу пхужьIэнукъым.

УнафэщIым щыгъуазэ дыдэзэрищIамкIэ, КъБР-м и зыгъэпсэхупIэхэр иджырей мардэхэм сыткIи кьеЗгъэгъуэ къыщэгъэпэщащ. Абыхэм щолажьэ зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI дохутыр цIэрыIуэхэр. Къаскъэлым кьыхигъэщащ ди щIыпIэм щыпсэухэм, иужьрей илъэси 10-15-хэм хабзэ яхуэхъуауэ, Нартсанэ, Минеральные Воды, ЕсэнтIыгу кьалэхэм зэрызыщагъэпсэхур икIи абы теухуауэ, къыжиIащ Налшык и «Горный родник», «Лебедь», «Голубые ели» санаторэхэм мы зэманым яIэ хъуа зэфIэкIхэр ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа щIыпIэхэм ятхэм куэдкIэ зэрефIэкIыр.

Къэлъытапхэщ, ди щIыпIэм къакIуэхэм хуащIэ Iуэхутхьабзэр адрей зи гугъу тщIахэм елъытауэ куэдкIэ зэрынэхъ пудри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыгъэпсэхупIэхэр къэгъэщIэрэщIэжьным теухуа лэжьыгъэхэм адэкIи пащэнущ. «Налшык и курортхэр» Iуэхущ1апIэм и къалэн нэхъыщхьэр зыгъэпсэхуакIуэхэм хуащIэ Iуэхутхьабзэр нэхъри ирагъэфIакIуэкIэрэ, цIыху кIуапIэу зэгуэр щыта ди щIыналъэ дахэм иIыгъа увыпIэ лъагэр егъэгъуэтыжьынущ.

ЛЪÖСТЭН Музэ.



Жэщтеуэ нэужьым

Мысырым хуиIэ къэрал гъунапкъэхэр нэхъ ткIийуэ ихъумэн дыгъуасэ Израильм щIидзащ, абы я гъунапкъэхъумэу тIу контрабандистхэм зэрыкIам кьыхэкIыу. ЗыхъумжьныгъэмкIэ министрым и кьудзэ Вильнан Матан зэрыжиIэмкIэ, Израильм и щIыналъэм хабзэм кьемызэгъыу зыри кьэмыкIуэфын папщIэ дзэм илъжьын хуей псори зэфIагъэкIащ.

«Коль Исраэль» радиостанцым къызэритамкIэ, «Керем Шалом» КПП-м пэгъунэгъуу, къэрал гъунапкъэхэм пэмыжьжьэу, бэрэжьей пщыхьэщхьэм контрабандистхэр щытеуащ Мысырым и зауэлIхэм. А зэхуэум и макъэр Израильм и къэрал гъунапкъэхъумэхэм Iупщ1у зэхахат, ауэ Iуэхур щекIуэкIыр щIыналъэ хамэти, хэIэбакъым.

Нэхъ ижьыIуэкIэ, аэрри Iущ1ащ гъунапкъэхэр зэпысэуцщ1 щIыхунгIым. Аргуэру зэхаубла зэхуэум игьащтэри, абыхэм Мысырым и щIыналъэм ягъэзэжащ.

Мысырми Израилми зэпэщхьэхуэу кьэхъуа кьаугъэм и щытыкIэхэр зэхагъэкI.

ТIасхъэщIэх 12

Ираным шынагъуэнщагъэмкIэ и кьарухэм яубыдащ Америкэм и ЦРУ-м и лэжьакIуэу цIыху 12. А хьыбарыр яп1у зыгъэIуар парламентым и депутат, къэрал щIыб политикэмрэ лъэпкъ шынагъуэнщагъэмкIэ комитетым хэт Сурури Парвизщ.

Депутатым зэрыжиIамкIэ, ЦРУ-м и тIасхъэщIэх яубыдахэм загъэхьэзырт Ираным и правительствэм дежкIэ мыхьэнэхуэу зиIэ Iуэхущ1апIэ зыбжанэ кьагъэуну.

Иужьрей махуэхэм США-м, Инджылызым, Франджым, Канадэм, нэгъуэщI къэралхэм унафэ кьайтащ Тегераным санкцэщIэхэр зэрыгралъхьэм теухуауэ. Ар и Iэужьщ МАГАТЭ-м Ираным и ядернэ Iуэхуэм ехьэлIауэ иужьрейуэ ищIа докладым. Санкцэщ1эхэр хуэунэтIащ псом яп1э Ираным и щIыдагъэ, химие, ахъшэхъумапIэ IэнатIэхэм я лэжьэкIэр зэтегъэувыIэным.

Мылыр мэткIу

Арктикэм и мылыдъэщIыналъэм гъмахуэ кIуам зэрыхэщIам хуэдэу куэду нужьрей илъэс 1450-м кьриубыдэу абы мылыщ1ыкIуа къыхуакъым. Ар къьхутащ Квебек университетым и геолог, гляциолог щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкIа къэщIыгъныгъэхэм.

ЩIэныгъэлIхэм кьагъэсэбэпащ Арктикэм теухуауэ лЭщIыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирагъэкIа къэхутэныгъэу 60-м кьарикIуа хъыбархэри, илъэс бжыгъэ кIыхькIэ зэпалъытыжа метеоэхэутныгъэхэри, щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэман зэхуэмыдэхэм кьыщащта мылкIанэхэм хэльу кьагъуэта пкъыгъуэхэм я зэгъэпэщ1ныгъэри, нэгъэщI Iэмалхэри.

Абыхэм зэратхэмкIэ, ди лъэхъэнэм и 600 гъэхэм Арктикэ мылыльэм и инагъыу щытащ километр зэбгъуэзнатIэу мелуани 8,5-рэ. Мы гъэм а бжыгъэм куэду хэщIри километр зэбгъуэзнатIэу мелуани 4,24-м нэсащ.

- Арктикэм и мылыр ищхьэмкIи, псы щIагъэмкIи щоткIу, дунейр нэхъ хуабэ зэрыхъуам, тенджызыпсри иджы зэрыпэхъ хуабэм, абы щыгъуэ хэлъри нэхъ мащIэ зэрыхъуам къыхэкIыу. А щхьэусыгъуэхэм ящыщу нэхъыщхьэр икIи нэхъ шынагъуэр хьэуар нэхъ хуабэ зэрыхъуаращ, - жеIэ Канадэм дуней хьугъуэфIыгъуэхэмкIэ и министерствэм и гляциолог, къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкIа щIэныгъэлI гупым яхэта Ждановичи Кристиан.

ЩIалэгъуэр зыгъэхьэзырар
ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи псалъэ нахуэм и напэр хужьщ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и яп1э илъэсныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр йокIуэкI.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэлIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Тэрч куей

ЩIэблэ узыншэ диIэным телажьэхэр

Куейм ЦIыхуэхэм зашIэгъэкъуэныкIэ щыIэ центрым лэжьыгъэшхуэ кърехьэлIэ бынунагъуэшхуэхэм, хуэмыщIауэ псэухэм, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ. Псом хуэмыдэу я кьалэным хуэбэлэрыгъыркъым центрым унагъуэ гугъусыгъуэхэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэр.

МЫ ИЛЪЭСЫМ кьриубыдэу мыбы цIыху 316-м Iуэхутхьабзэ 500-м нэс хуащIну хунэсащ. Ахэр нэхьыбэу зытеуухэр мыхъумыщIагъэм дихьэха щIалэгъуалэр гъуэгу тэмэмым тешэжьныирщ. Абы ехьэлIауэ центрым и лэжьакIуэхэр апхуэдэ ныбжьыщIэ еIуящIэхэр зэрыс унагъуэхэм макIуэ, я псэукIэр зыхуэдэмэрэ ахэр зыхуэныкъуэмэрэ зэрагъэлъагъури, абыхэм ипкъ иткIэ зыщIагъакъуэ.

Жъуалъныгъэ ин зыпылъ мы Iуэхур кьэзыхьэлIэ социальнэ лэжьакIуэхэм зэрыжиIэмкIэ, езы ныбжьыщIэхэми зыхуагъазэ, язныныкъуэхэм деж езы центрым кърагъэблагъэри йопсэпъылIэ, дерс кьызыхьэхьэ щхьэпэхэр ират, ахэр дзэныхэхьэм джэгукIэхэр ирагъащ1э. Апхуэдэу кьыхэгъэщIапхъэщ мы Iуэхущ1апIэм куейм къыщыдэкI «Тэрч и макъ» газетым «адэ-анэхэм я клуб» зыфIаща планэпэ зэрыщыкъухэкари. Абы кьытохуэ адэ-анэхэм я бынхэм я тепкуауэ я ящIапхъэхэм, лъэныкъуэитIым яку дэлъын хуей зэхущытыкIэхэм щызыгъэгъуазэ тхыгъэхэр. Апхуэдэ псалъэмакъэм хэтыну ирагъэблагъэ ныбжьыщIэхэр, адэ-анэхэр, егъэджакIуэхэр, щIэныгъэрылажьэхэр, пщIэ зыхуащI нэхъыжьхэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Ди къэралым и Парламентым

Республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

●Iу зытъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм теухуауэ хъыбар зэревгъащIэ хъуну телефонхэр.

Властым и IыкIуэхэм яIыгъ къулыкъуэхэр я щхьэ IуэхуэкIэ кьызэрагъэзэжыным, лэжьыгъэм ехьэлIа, уголовнэ законодательствэр къызэрызэпаудым фыщыгъуазэмэ, а телефонхэмкIэ Администрацэм и лэжьакIуэхэм захуэмгъазэ хъунущ. ХэIущIыIу фщIыну фызытелушныхь Iуэху гуэрхэм фытепсэльыхьынумэ, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакIуэхэм зыкъыфпащIэ зэрыхъуну телефоныр къэвгъэлъагъуэмэ зэфIэкIынущ.

ЦIыхуэхэм къабгъэдэкI дэтхэнэ хъыбарри урысей законодательствэм къызэригъэувын тету зэхэгъэкIынущ хабзэхъумэ, кьэпщытакIуэ органхэм. Хъыбарыр къызыбгъэдэкIар хэIущIыIу ящIынукъым.

Телефонхэр:
8(8662) 47-17-79, 47-32-56.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм захуэдогъаз

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м. Ар къыщызэIуахынур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Курданов Сулимэн Сэлихь и къуэр унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м Налшык къалэ №14/1-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ рефендумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 20, 22, 26 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 2 статьям, «Габачиевэ Светланэ Анатолий и пхъум унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхыным и IуэхукIэ» 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къищта унафэ №11/1-5-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн Курданов Сулимэн Салихь и къуэр, I962 гъэм къалъхуар, профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, архитектурэмкIэ, къалэр ухуэнымкIэ и къудамэм и унафэщIыр, муниципальнэ къулыкъущIэр, комиссэм хагъэхьэн папщIэ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и ЩIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къигъэлъэгъуар.

2.Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къарэмызэ Хьэсэн Музэриф и къуэр унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м Налшык къалэ №14/2-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ рефендумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 20, 22, 26 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 2 статьям, «ВэрылI Владимир Заурбий и къуэм унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхыным и IуэхукIэ» 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къищта унафэ №13/1-5-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн ВэрылI Хьэсэн Музэриф и къуэр, 1955 гъэм къалъхуар, «Шэджэм муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэ» муниципальнэ IуэхущIапIэм и унафэщIыр, муниципальнэ къулыкъущIэр, комиссэм хагъэхьэн папщIэ «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуар.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэщкъэтау къалэ жылагъуэ, Бабугент, Джэрпэджэж, Зэрэгъыж къуажэ жылагъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Шэрэдж щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м Налшык къалэ №14/3-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 24 статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1 статьям и Iыхьэ 4-м, Шэрэдж муниципальнэ районым хыхьэ Къэщкъэтау къалэ жылагъуэм, Бабугент, Джэрпэджэж, Зэрэгъыж къуажэ жылагъуэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэм зэрызыкъыхуагъэзам япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэщкъэтау къалэ жылагъуэ, Бабугент, Джэрпэджэж, Зэрэгъыж къуажэ жылагъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Шэрэдж щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэр зэрыхахым теухуа дамыгъэ (символ, логотип) нэхъыфIыр къыхэхынымкIэ республикэ конкурсым кърикIуахэм я IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 щэкIуэгъуэм и 22-м Налшык къалэ №14/4-5

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэр зэрыхахым теухуа дамыгъэ (символ, логотип) нэхъыфIыр къыхэхынымкIэ республикэ конкурс егъэкIуэкIыным и IуэхукIэ» 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къищта унафэ №82/6 - 9-м, республикэ конкурсыр егъэкIуэкIынымкIэ комиссэм и протоколым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Япэ увыпIэр хуэгъэфэщэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ сом 3000 хъу ахъшэ саугъэтымрэ етын Албот ТIалифэ Заур и пхъум, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым хыхьэ Тырныауз къалэм и курыт еджапIэ №3 муниципальнэ IуэхущIапIэм и 7-нэ «б» классым щеджэм.

2. ЕтIуанэ увыпIэр хуэгъэфэщэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ сом 2000 хъу ахъшэ саугъэтымрэ етын Перовэ Анастасие Андрей и пхъум, Май муниципальнэ районым хыхьэ Майскэ къалэм дэт гимназие №1 муниципальнэ IуэхущIапIэм и 7-нэ «б» классым щеджэм.

3. Ещанэ увыпIэр хуэгъэфэщэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ сом 1500-рэ хъу ахъшэ саугъэтымрэ етын Рехвиашвили Дианэ Гурам и пхъум, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым хыхьэ Тырныауз къалэм и курыт еджапIэ №3 муниципальнэ IуэхущIапIэм и 8-нэ «б» классым щеджэм.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ сом 1000 зи уасэ зэрытрагъэгушхуэ саугъэтхэмрэ етын:

КъуэщIысокъуэ Елдар Эдуард и къуэм, Бахъсэн мунциипальнэ районым хыхьэ Къубэ-Тэбэ къуажэ жылагъуэм дэт курыт еджапIэ №1 муниципальнэ IуэухщIапIэм и 4-нэ классым щIэсым;

Мэжджыхь Анжеликэ Хьэчим и пхъум, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым хыхьэ Тырныауз къалэм дэт курт еджапIэ №3 муниципальнэ IуэхущIапIэм и 9-нэ «б» классым щIэсым;

Субботэ Аннэ, Прохладнэ муниципальнэ районым хыхьэ Прималкэ къуажэм дэт курыт еджапIэ муниципальнэ IуэхущIапIэм и 6-нэ классым щIэсым;

Танэ Риммэ Хъанджэрий и пхъум, Прохладнэ муниципальнэ районым хыхьэ Къэрэгъэш къуажэм дэт курыт еджапIэ №2 муниципальнэ IуэхущIапIэм щIэсым;

Уянаев Астемыр Рашид и къуэм, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым хыхьэ Тырныауз къалэм дэт курыт еджапIэ №3 муниципальнэ IуэхущIапIэм и 9-нэ «а» классым щIэсым.

5. Республикэ конкурсым щытекIуахэм саугъэтхэр, тыгъэхэр, дипломхэр 2011 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм и етIуанэ махуипщIым къриубыдэу етыжын.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и аппаратым бухгалтер учетымкIэ и къудамэм хуэгъэувын республикэ конкурсым щытекIуахэм папщIэ дипломхэр тедзэныр, абыхэм ахъшэ саугъэтхэр етыныр, тыгъэхэр къэщэхуныр, апхуэдэу текIуахэр гъэлъэпIэным теухуа дауэдапщэр егъэкIуэкIыным текIуэдэнур хэхакIуэхэм (рефрендумым хэтхэм) я правовой зэхэщIыкIыр къэIэтыным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ щегъэкIуэкIыныр къызэзыгъэпэщхэм егъэджэным 2011 гъэм хухаха ахъшэм и хьэкъкIэ къызэригъэпэщыну.

7. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэр зэрыхахым теухуа псалъэ шэрыуэ, къыхуеджэныгъэ нэхъыфIыр къыхэхынымкIэ республикэ конкурсым кърикIуахэм я IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 щэкIуэгъуэм и 22-м Налшык къалэ №14/5-5

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэр зэрыхахым теухуа шэрыуэ, къыхуеджэныгъэ нэхъыфIыр къыхэхынымкIэ республикэ конкурс егъэкIуэкIыным и IуэхукIэ» 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къищта унафэ №82/6-8-м, республикэ конкурсыр егъэкIуэкIынымкIэ комиссэм и протоколым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Япэ увыпIэр хуэгъэфэщэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ сом 2000 хъу ахъшэ саугъэтымрэ етын Шупилэ Аннэ, Прохладнэ къалэм дэт гимназие №2 муниципальнэ IуэхущIапIэм щеджэм.

2. ЕтIуанэ увыпIэр хуэгъэфэщэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ сом 1.500-рэ хъу ахъшэ саугъэтымрэ етын Мэжджыхь Анжеликэ, Iуащхьэмахуэ районым хыхьэ Тырныауз къалэм курыт еджапIэ №3 муниципальнэ IуэхущIапIэм щеджэм.

3. Ещанэ увыпIэр хуэгъэфэщэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ сом 1000-рэ хъу ахъшэ саугъэтымрэ етын Кляпинэ Юлианэ, Прохладнэ къалэм дэт лицей №3 муниципальнэ IуэхущIапIэм щеджэм.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ сом 1000 зи уасэ зэрытрагъэгушхуэ саугъэтхэмрэ етын:

Гайдар Янэ, Майскэ муниципальнэ районым хыхьэ Октябрьскэ къуажэм дэт курыт школ муниципальнэ IуэхущIапIэм щеджэм;

Лашинэ Кристинэ, Прохладнэ муниципальнэ районым хыхьэ Янтарнэ къуажэм дэт курыт школ муниципальнэ IуэхущIапIэм щеджэм;

Мезитовэ Миланэ, Прохладнэ къалэм дэт гимназие №2 муниципальнэ IуэхущIапIэм щеджэм;

Панковэ Людмилэ Валериан и пхъум, лэжьыгъэм и ветераным, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щыщ Тырныауз къалэ;

Савенкэ Степан, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым хыхьэ Терскол къуажэм дэт курыт еджапIэ муниципальнэ IуэхущIапIэм щеджэм.

5. Республикэ конкурсым щытекIуахэм саугъэтхэр, тыгъэхэр, дипломхэр 2011 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм и етIуанэ махуипщIым къриубыдэу етыжын.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и аппаратым бухгалтер учетымкIэ и къудамэм хуэгъэувын республикэ конкурсым щытекIуахэм папщIэ дипломхэр тедзэныр, абыхэм ахъшэ саугъэтхэр етыныр, тыгъэхэр къэщэхуныр, апхуэдэу текIуахэр гъэлъэпIэным теухуа дауэдапщэр егъэкIуэкIыным текIуэдэнур хэхакIуэхэм (рефрендумым хэтхэм) я правовой зэхэщIыкIыр къэIэтыным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ щегъэкIуэкIыныр къызэзыгъэпэщхэм егъэджэным 2011 гъэм хухаха ахъшэм и хьэкъкIэ къызэригъэпэщыну.

7. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м №631-рп

1. Къэщтэн мы унафэм щIыгъухэу:

террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр 2011 гъэм фокIадэм и 3-м Бахъсэн къалэ округым щыщрагъэкIуэкIым зэрызэхакъутам къыхэкIыу, ущыпсэу мыхъуну къалъыта унэхэм я реестрыр;

террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр 2011 гъэм фокIадэм и 3-м Бахъсэн къалэ округым щыщрагъэкIуэкIым зэракъутам къыхэкIыу, унэ зимыIэжу къэна цIыхухэу къэралым и псэупIэ сертификатхэр зратын хуейхэм я спискэр.

2. Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм чэнджэщ етын мы унафэм и пункт 1-м и етIуанэ абзацым къыщыгъэлъэгъуа унэхэр псэупIэ фондымкIэ реестрым ирикъутыкIыжыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м къыдигъэкIа унафэ №631-рп-мкIэ къищтащ

Террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр 2011 гъэм фокIадэм и 3-м Бахъсэн къалэ округым щыщрагъэкIуэкIым зэрызэхакъутам къыхэкIыу, ущыпсэу мыхъужыну къалъыта унэхэм я

Реестр

№№	Унэм и адресыр	Унэр зейм и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр	ПсэупIэ унэхэм я бжыгъэр
1	Бахъсэн къалэ округ, ЩIалэгъуалэ уэрам, 22	Джэрыджэ Борис ХьэмритI и къуэр	2

Дзыхь зрагъэз телефоным фыпсалъэ

Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и IуэхущIапIэхэм хабзэр къызэрыщызэпаудам, къэхъукъащIэхэм Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ федеральнэ къулыкъум и IэнатIэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм хабзэм къемызэгъ, коррупцэ Iуэху ядэфлъэгъуамэ, (8662) 77-93-89 телефонымкIэ хъыбар евгъащIэ.

«Дзыхь зрагъэз» телефоныр жэщи махуи мэлажьэ. Хъыбарыр евгъэхь хъунущ: **usb_ufsin@mail.ru., e-mail: ufsin07@ya.ru.**

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

Республикэ гъащIэм жыджэру поджэж

ЩэкIуэгъуэм и 15-м Налшык щекIуэкIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Советым и зи чэзу зэхуэс.

ЯПЭУ зи гугъу ящIа «Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыгъэпсэхупIэ санаторэ-курорт комплексым зегъэужьын» IуэхугъуэмкIэ псалъэ къищтащ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан.** Къызэхуэсахэр абы щыгъуазэ хуищIащ цIыхухэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэнымкIэ, зыщагъэпсэхунымкIэ ди республикэм иIэ санаторэ-курорт комплексыр мы зэманым зэрыхуа щытыкIэм. «Дэ къыдолъытэ, - жиIащ Таум, - Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу щытын хуейр узыншагъэр егъэфIэкIуэным, спортым, нэгу зегъэужьыным, зыгъэпсэхуным телажьэ IуэхущIапIэхэр дунейпсо мардэхэм къигъэтIэсэнырщ. Абы ехьэлIа чэнджэщхэр республикэм и Парламентым, Правительствэм, Спортым, туризмымрэ курортхэмкIэ министерствэм, Налшык къалэ округым и Администрацэм, «Налшык курорт» ОАО-м я пащхьэ иралъхьащ.

КъыкIэлъыкIуэу къызэхуэсахэр нэхъ зыгъэпIейтеяхэм ящыщщ 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м Москва щекIуэкIа «Урысхэр Кавказым : пэжымрэ пцIымрэ» зэхыхьэм кърикIуахэр. Абы хэтахэу КъБР-м и чристэн дин лэжьакIуэхэм я нэхъыщхьэ **Бобылев Валентинрэ** республикэм щыпсэу урысхэм я «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщI **Канунников Александррэ** зэрыжаIыжымкIэ, мы щIыпIэм щыпсэу урысхэм я Iуэху зыIутыр дэр нэхърэ нэхъыфIу зыми ищIэркъым . «ИкIи, - жаIащ Бобылеврэ Канунниковымрэ, - Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ ди деж щалэжьхэм и щапхъэфIыр адрей щIыналъэхэми едгъэлъагъуфынут».

ЗэIущIэм и кIэухым КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Тау Пщыкъан комиссэхэм я унэфэщIхэр къыхуриджащ 2011 гъэм яхузэфIэкIар къапщытэжу, 2012 гъэм ялэжьыну зыхуагъэувыж къалэнхэм я проектхэр пIалъэ кIэщIым къриубыдэу ягъэхьэзырыну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Автомашинэхэр ират

Къэрал кIуэцI Iуэхухэм кIэ министру КъБР-м щыIэ, генерал-майор Васильев Сергей КъБР-мкIэ МВД-м хыхьэ Ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ управленэм и лэжьакIуэхэм автомашинэщIэу 110-м я IункIыбзэIуххэр яритащ.

IУЭХУЩIАПIЭМ и лэжьакIуэхэм, къарагъэблэгъа ветеранхэм, УВО-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтхэм министрым защыхуигъазэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр, абыхэм я сэбэп зыхэлъхэр, я мылъкур хъумэным адэкIи гулъытэ зэрыхуащIынур, я къарур нэхъри зэрыхуаунэтIынур жиIащ. ЯIэрыхьа транспортыщIэр я къулыкъу къалэнхэр зэфIэхыным, террор шынагъуэр республикэм щыгъэмэщIэным къызэрыщагъэсэбэпынур и фIэщ зэрыхъури къыхигъэщащ Васильевым.

Республикэм и ОВО-м и ветеранхэм апхуэдэ гулъытэм папщIэ МВД-м и унафэщIхэм фIыщIэ хуащIащ, я IэщIагъэм, лэжьыгъэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэмкIэ республикэм и цIыхухэм щIэпхъаджащIэхэм ящыхъумэн къалэн мытыншым пэрыувэ щIалэхэм ядэгуэшэну зэрыхьэзырри къыхагъэщащ.

Васильев Сергей щыIащ «Перехват» Iуэхугъуэр щрагъэкIуэкIкIэ е ирахужьа автомашинэр къагъуэтынымкIэ секунд 20 - 25-м плъыр экипажхэм здаунэтIынур зыубзыху спутник системэщIэр щыгъэува плъыр частым.

Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхухэм кIэ и министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● Пшыхь

ЗэIущIэр профессор Емуз Анатолэ ирегъэкIуэкI, къэпсэлъапIэм итщ тхылъыр зи IэдакъэщIэкI Ашэбокъуэ Леонид.

Адыгэшым щытопсэлъыхь

КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор Ашэбокъуэ Леонид и «Кабардинские аргамаки и современное коневодство» тхылъым и лъэтеувэ пшыхь Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм щекIуэкIащ.

IУЭХУЩIАПIЭМ и унафэщI Емуз Анатолэ пшыхьыр къыщызэIуихым, къыхигъэщащ дуней псом щыцIэрыIуэ адыгэшым теухуауэ Ашэбокъуэ Леонид 2008 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдигъэкIа тхылъым мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи лъэпкъыр дызэрыгушхуэ адыгэшыр хъумэжыныр къэрал къалэну зылъытэ дэтхэнэми зэрыхуэщхьэпэнур.

- Ижь-ижьыж лъандэрэ шыр цIыхум и ныбжьэгъуфIу къогъуэгурыкIуэ. Тхыдэм къызэрыхэщымкIэ, Япэ дунейпсо зауэм пщIондэ биим щхьэмыгъазэу пэщIэт зауэлIхэм шыр я дэIэпыкъуэгъу пэжу щытащ. ИужькIэ абы и пIэм техникэр иуващ, - жиIащ **Емуз Анатолэ**. - Адыгэхэр щыпсэу щIыпIэхэм ящыщ зым - Къэбэрдейм - а шы лъэпкъыр къэгъэхъуным нэхъ ерыщу я къарур зэрырахьэлIэрт «адыгэш»-кIэ еджэ щIэхъуар. ЗекIуэ урикIуэну уасэ иIэтэкъым гъуэгуанэ кIыхь зышэчыф, къарууфIэ, жэр икIи сакъ апхуэдэшым.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, Ашэбокъуэ Леонид и къ уажэгъу **Гъут Iэдэм** аушыджэрдэсхэмрэ и лэжьэгъухэмрэ я цIэкIэ тхылъыр зи IэдакъэщIэкIымрэ ар щигъэхьэзырым къыдэIэпыкъуа, адыгэшым и зэфIэкIым, и къекIуэкIыкIам щыгъуазэ шыхъуэхэмрэ тренерхэмрэ е хъуэхъуащ. Гъутым къыхигъэщащ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ адыгэшыр къызэрыунэхуамрэ и къекIуэкIыкIамрэ теухуа тхылъыр дэтхэнэ щIэджыкIакIуэми зэрыхуэгъэзар.

Псалъэмакъым къыпызыща, биологие щIэныгъэхэм я кандидат, тхылъым и рецензент **Мэршэнкъул Замудин** зэрыжиIамкIэ, къыдэкIыгъуэм щызэхэухуэнащ адыгэшым теухуауэ Ашэбокъуэ Леонид иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэмрэ шым теухуа щIэныгъэмрэ. Республикэм адыгэшыр къыщыгъэщIэрэщIэжыным, шы спортым зыщегъэужьыным теухуауэ Ашэбокъуэ Леонидрэ УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Къуныжь Мухьэрбийрэ Iуэхугъуэ куэд зэрызэфIагъэкIари къыхигъэща нэужь, Леонид узыншагъэ иIэу дяпэкIи щIэныгъэр зи лъабжьэ лэжьыгъэ щхьэпэхэмкIэ дигъэгуфIэну ехъуэхъуащ.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, нэхъапэм дызэрыгушхуэу щыта адыгэшыр, нобэ блэкIам дызэрыхущIэджэж хъуащ. Хэбгъэзыхьмэ, иужьрей илъэс тIощIым адыгэш къабзэр нобэ щыIэжрэ щымыIэжрэ упщIэу къонэ. Ар Совет зэманым, нобэрей Урысейм ишхэм я нэхъ лъэпкъыжь дыдэхэм ящыщщ, - жиIащ адыгэш лъэпкъ къэгъэхъуным елэжь **Егъэн Ибрэхьим**. - Апхуэдиз зи бэшэчагъ а шы лъэпкъыр зауэм ирихэтын папщIэщ къыщIагъэунэхуауэ щытар. Ди тхыдэм, лъэпкъ щэнхабзэм адыгэшымрэ адыгэлIымрэ къыгуэхыпIэ имыIэу зэпхауэ хыхьащ. Уеблэмэ, адыг элIым и шыр и къуэш нэхъыщIэу илъытэрт. ЗауэлIым и гъащIэри и пщIэри зи IэмыщIэ илъ и шыр зыхуей хуигъазэрт. Нэхъапэм щIэупщIэшхуэ зиIэу щыта адыгэшым нобэ мылъку къызэрыпэмыкIуэжым, шыгъажэхэм зэрырихьэмыхьэжым къыхь экIыу, и пщIэри ехуэхащ.

Библиотекэм и унафэщI Емуз Анатолэ Ашэбокъуэ Леонид тыгъэ хуищIащ Шемякин Михаил и IэдакъэщIэкI сурэтхэр щызэхуэхьэса томитIыр.

ЗэIущIэм хэтащ Мэкъумэш хазяйствэмкIэ щыIэ щIэныгъэхутэ институтым и щIэныгъэлI нэхъыжь **Амщокъуэ Хьэжысмел**, Налшык дэт республикэ шы гъэжапIэм и унафэщI **Къуныжь Мухьэрбий**, КъБКъМА-м и профессорхэу **КIуэкIуэ Тэлэдин, Тэрчокъуэ Тимур, Джэтокъуэ Олег**, шы спорт школым и унафэщI **Дау Вячеслав**, абы и къуэдзэ, СССР-м шы спортымкIэ мастер **Iэрэмысэ Татьянэ**, Малк э дэт шы заводым и унафэщI **Уэрыш Залым**, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ **КIуэкIуэ Заур** сымэ, студентхэр, къэрихьэлIахэр.

Пшыхьыр ягъэдахэу «Шэджэм псыкъелъэхэр» цIыхубэ ансамблым «Шагъдий» уэрэдыр жаIащ. ЩоджэнцIыкIу Алийрэ Семэн Русланрэ шым теухуа я усэхэм къеджащ педколледжым щIэсхэу **Гугъуэт Лидэ, Къагъырмэс ФатIимэ, Пэфыф Марьянэ** сымэ. Кавказым теухуа къэхутэныгъэхэмрэ гъуэгуанэ тхыгъэхэмрэ къеджащ **Дзыгъул Ланэ, Тау Заремэ, Бейтыгъуэн Дахэнагъуэ, Джэлэс Миланэ** сымэ.

УЭРТЭН Марьянэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хэхыныгъэхэм и пэ къыихуэу

Къэрал Думэм и еханэ зэхуэсыгъуэмрэ Урысей Федерацэм и Президентымрэ хахыну зыщагъэхьэзыр мы зэманым Бахъсэн куейм и щIыпIэ администрацэм УФ-м и ФМС-м КъБР-м щиIэ къудамэм и куей IуэхущIапIэм, ЗАГС-м хэхыныгъэхэмкIэ законодательствэр зэрыщагъэзэщIэр район прокуратурэм къипщытащ. Абы къигъэлъэгъуащ а законодательствэр щIыпIэхэм къызэрыщызэпамыудыр.

АРЩХЬЭКIЭ «МафIэсым зыщыхъумэным и IуэхукIэ» Федеральнэ законым сакъыныгъэм теухуауэ щыубзыхуа Iуэхухэм ящыщхэр куейм щыIэ хэхыпIэ участкэ 26-ми къыщызэпауду сэтей къащIащ. Къэпщытэныгъэхэм япкъ иткIэ, къахутахэм егъэщIылIауэ Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм зыхуагъэзащ.

Иджыблагъэ куей прокуратурэм щекIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ хэхыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзыркIи, ахэр щрагъэкIуэкIкIи хабзэр къызэпамыудыным теухуауэ лэжьыпхъэхэм. Абы хэтащ мы Iуэхум епха IэнатIэ псоми я унафэщIхэр.

Хабзэм езэгъыу къелъытэ

КъБР-м и прокуратурэм хабзэм къезэгъыу къилъытащ УФ-м и УК-м и 33-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм, 208-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэмкIэ игъэкъуаншэу УФ-м и Следственнэ комитетым КъБР-м щиIэ къудамэм Ногайлиев К. А. теухуа уголовнэ Iуэху къызэриIэтар.

ЩЫГЪУАЗЭ зыхуэхъуа Iуэхухэр щыхьэт техъуэрт ар хабзэншагъэкIэ IэщэкIэ зэщIэузэда гупхэм террорист щIэпхъаджагъэхэр ялэжьынымкIэ зэрадэIэпыкъуам.

Мы зэманым Iуэхур зэхагъэкI.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Псапэщ IэшырыIым унэщIыну

●Махуэ лъапIэхэр

IэшырыIыр тохуэ муслъымэн махуэрыбжэм и мухьэрэм мазэм и епщIанэ махуэм. Мы гъэм ар ирохьэлIэ дыгъэгъазэм и 6-м. Абы къыкIэлъыкIуэ махуитIри лъапIэщ.

Хьэрып «гъашураI»-рращ («епщIанэ» къикIыу аращ) «IэшырыI» псалъэр къызытекIар. А махуэр муслъымэнхэм ягъэлъапIэ. Ар къыбгурыIуэн папщIэ, тхыдэм кууэ ухэплъэжын хуейщ. Мы махуэр зэпхар Мусэ бегъымбарымрэ абы и лъэпкъымрэ къащыщIа Iуэхугъуэрщ.

Пасэрей зэманым ХьэзрэIил и бынхэр, иджыпсту «жур т»-кIэ дызэджэхэр, Мысырым щыпсэуащ. Ауэ а лъэпкъым и къежьапIэр а щIыпIэратэкъым. Дауэ хъуми, абыхэм яхузэфIэкIат къэралым къулыкъушхуэхэр щаубыдыну, щIым и нэхъыфIыр зыIэрагъэхьэну.

ХьэзрэIил и бынхэм апхуэдэ тепщэгъуэ ягъуэту щилъагъум, Мысырым и фир хьэуным (пащтыхьым) мурад ищIащ ахэр игъэкIуэдыну. Абы унафэ къыдигъэкIащ журтхэм я тетыгъуэр игъэкIуэдрэ щIыуэ зыIэрагъэхьари ятрихыжу. КъищынэмыщIауэ, ХьэзрэIил и бынхэм сабийуэ къащIэхъуэм щIалэ цIыкIуу къахэкIыр яукIырти, хъыджэбзхэр къагъанэрт. А псори фирхьэуным щIищIэр журт лъэпкъыр игъэкIуэдын щхьэкIэт.

Мусэ бегъымбарри къыщалъхуар а лъэхъэнэрат. Унафэ щыIэмкIэ ари яукIын хуейт, ауэ ар Тхьэм къихъумащ. Алыхьым Мусэ и анэм унафэ хуищIащ и къуэр имытхьэлэн хуэдэу гущэм трипхэу псым тригъэтIысхьэну. Анэм а унафэр игъэзэщIащ.

Зэман дэкIри, гущэр пащтыхьым и унэм деж псым къыIуихьащ. Ар унэIуэтхэм къыщалъагъум, сабийр гуащэм хуахьащ. Абы езым бын иIэтэкъыми, псым къихьа цIыкIур къигъэнэжащ. Апхуэдэу Тхьэм и IэмыркIэ Мусэ бегъымбарыр пащтыхьым и унагъуэм къыщыхутащ икIи абы къыщыхъуащ.

Мусэ цIыху пэжу, захуэу, лей зезыхьэр имыдэу къэхъуащ. Алыхьым ар бегъымбару цIыхухэм къахихри, ахэр гъуэгу захуэм тригъэувэжыну къалэн щищIащ.

Тхьэм абы унафэу къыхуищIар фирхьэуным и деж нигъэсыжащ икIи жиIащ ХьэзрэIил и бынхэм лей яримыхыу хуит ищIыжыну. АрщхьэкIэ а унафэр игъэзэщIэну пащтыхьым идакъым. Апхуэдэу щыхъум, Мусэ бегъымбарым журтхэр зыщIигъури жэщу къыщIэпхъуэжащ. Абыхэм я мурадт Мысырыр ябгынэу Палестинэм Iэпхъуэну.

ХьэзрэIил и бынхэр зэрыщIэпхъуэжар къыщищIэм фирхьэуным и дзэр зыщIигъури, абыхэм къакIэлъыпхъэращ. Мусэ и гупыр тенджыз Плъыжьым нэсауэ бийр къылъэщIыхьэу хуежьащ. Бегъымбарыр Тхьэм елъэIуащ ахэр къригъэлыну. Абы и жэуапу Алыхьым и унафэр Мусэ къыIэрыхьащ - иIыгъ башымкIэ псым хэуэну. Апхуэдэу щищIым, тенджызыр тIууэ зэгуэкIри, ХьэзрэIил и бынхэм лъагъуэ къаритащ. Мусэ и гупым я гъуэгуанэр къызэрызэранэкIыу, псыр зэгухьэжри ахэр зыгъэкIуэдыну яужь къихьахэр итхьэлащ.

Мис апхуэдэу Алыхьталэм Муси абы и лъэпкъри фирхьэуным къыIэщIихащ. Ар къыщыхъуа мухьэрэм мазэм и епщIанэ махуэр муслъымэнхэм ягъэлъапIэ.

Иудей диныр зезыхьэ журтхэми а махуэр яIэт. Дэ абыхэм ящхь дымыхъун щхьэкIэ ди лIыкIуэ лъапIэм унафэ къытхуищIащ зы махуэ абы и пэкIэ е иужькIэ щIыгъун хуейуэ. Аращи, журтхэр мухьэрэм мазэм и епщIанэ махуэм и закъуэ нэщIмэ, муслъымэнхэм ебгъуанэр е епщыкIузанэр абы дыщIагъу. Махуищми унэщIмэ, нэхъыфIыжщ, ауэ ар Iэмал зимыIэу щыткъым, псапэ нэщIу аращ. Мухьэмэд бегъымбарым жиIащ: «IэшырыI махуэм къэбнэщIам илъэс блэкIам и гуэныхьыр егъэгъу».

Иджыри зы хьэдис къыфхуэтхынщ. Бегъымбар лIыкIуэ лъапIэм жиIащ: «Шэч хэмылъу, нобэ IэшырыIщ. Фэ а махуэр къэвнэщIыну фи къалэну щыткъым. Ауэ сэ сонэщI. Хэт хуейми нэщI ирeIыгъ». Мы хьэдисхэм къыхощ IэшырыI махуэхэр къэбнэщIыныр псапэу зэрыщытыр.

Ижь-ижьыж лъандэрэ IэшырыI махуэм и деж хьэнтхъупс дгъавэурэ адыгэхэм къыдохьэкI. Ар уи гъунэгъумрэ уэрэ уи зэхуаку дэлъ фIылъагъуныгъэмрэ зэпыщIэныгъэмрэ зыгъэбыдэ Iуэхугъуэщ. АрщхьэкIэ хьэнтхъупс къыумыхьэкIмэ, гуэныхь къэпхьу щыткъым.

Дынывохъуэхъу етIанэгъэ пIалъэм гуфIэгъуэкIэ фынэсыну, узыншагъэрэ насыпрэ фыщымыщIэну!

●Уаз

ПщIыхьэпIэхэр къызэрыбгурыIуэнур

ФIыщIэри щытхъури хуэфащэщ зи къарукIи, зи зэфIэкIкIи, зи тепщэныгъэкIи зи хуэдэ щымыIэ Алыхь Закъуэм - псэр хэзылъхьэм икIи хэзыхым, мылъкур цIыхум бгъэдэзылъхьэм икIи бгъэдэзыхым, жэнэткIэ цIыхухэр зыгъэгуфIэнум, жэхьэрмэкIэ зыгъэгуIэнум. Зыщыдвмыгъэгъупщэ мы дунейр зэрынэпцIыр, дуней пэжыр къызэрытпэплъэр, фIым фIы къызэрыдэкIуэнур, Iейм Iей къызэрытхуишэнур.

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, блэкIа е къэкIуэну Iуэху ирехъу, ямыщIэ гуэр къахутэным, ар къыщIагъэщыным ехьэлIауэ цIыхухэр ерыщщ. Дин пэжым зэрыпэжыжьэ-зэрыпэгъунэгъум елъытауэ хэти ирегъэлей, хэти абы нэскъым, хэти зэпIэзэрыту мы Iуэхум бгъэдохьэ.

Нобэ дызэрыт зэманым цIыхухэр ислъам диным пэжыжьэ зэрыхуэхъуам шэч хэлъкъым. Абы ипкъ иткIи Iуэху щэхухэм теухуауэ щыуагъэ яIэщIэкIхэр егъэлеяуэ куэдщ икIи шынагъуэщ. ЦIыхухэм я щIэныгъэншагъэр къагъэсэбэпу утыкум ит уд-Iэзэхэр, къэкIуэну-къэхъунур ящIэ хуэдэу зыгъэIухэр, пщIыхьэпIэхэри зэпкърах хуэдэурэ цIыхухэр къэзыгъапцIэхэр куэд хъуащ. Ауэ муслъымэну Алыхьым и псалъэр зи фIэщ хъум мы аятыр зэхиха нэужь нэгъуэщI зыгуэр къилъыхъуэжкъым. Дызыхуиущийр сыт Алыхь Иным: «**ЯжеIэ (абыхэм): уафэхэми щIылъэми щыIэ щэхур Алыхьым нэмыщI зыми ищIэкъым…**». (*Iэн-Нэмл, 65*).

Бегъымбарми, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуам, и псалъэхэр зэхэпхмэ, Iуэхур нэхъри зэхэкIа мэхъу. Хьэдисым къыхощ, Iуэхугъуитхум ятеухуауэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъыр Алыхьырщ, жиIэу: «**Къемэт махуэр къыщысынур, уэшх къыщешхынур, ныбэм иришIэнур, пщэдей хуэдэм цIыхум къыщыщIынур, ар щылIэнумрэ и псэр щыхэкIыну щIыпIэмрэ**» (*Тирмизий*).

Щэхур зыщIэр Алыхьырщ. Ар зыщыгъуазэхэр дэ къызэрытщIэфыну щыIэр IэмалитI къудейщ: Езым къригъэха КъурIэнымкIэ е къытхуигъэкIуа бегъымбарымкIэ. А тIум къыщымыкIуауэ абы хэт хэпсэ-лъыхьми, пцIы еупс.

Нэхъыбэу цIыхухэр зытепсэлъыхьхэм икIи дэзыхьэха Iуэхугъуэхэм ящыщу нобэрей уазымкIэ къыхэдгъэщыну дызыхуейр пщIыхьэпIэм ехьэлIарщ. Абы куэдым мыхьэнэшхуэ ират, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щэху гуэр къащIэну, пщэдей хуэдэм къэхъунур абыкIэ зэрагъэзэхуэну хущIокъу.

ЦIыху къызэрыгуэкIхэр къэгъэнауэ, пащтыхь дыдэхэми ар хуабжьу къафIоIуэху: пщIыхьэпIэм тезыщIыхьу унафэшхуэ куэд къэзыщти къэзыщтаи щыIэщ. Пщэдей жэуап зэрахьыжыну дин Iуэхухэм щIэупщIэкъым апхуэдэхэр, пщIыхьэпIэм зэрыщIэупщIэм хуэдэу. Газетхэри телевиденэри мы Iуэхум къызэгуеч, уеблэмэ пщIыхьэпIэхэм къарыкIхэр зэпкърызых канал хэхахэм урохьэлIэ.

Мис апхуэдэу щIэныгъэншагъэкIэ Iуэхум куэд зэрыпэрыхьэм папщIэ, ирагъэлейуэ пщыхьэпIэхэм зыри къарыкIыххэкъым, жызыIэ щыIэщ е нэгъуэщI лъэныкъуэкIи езыгъэлейуэ, пщIыхьэпIэм куэдыIуэ къизых ухуозэ. Абы щыгъуэми муслъымэн пэжыр, зэрихабзэу, Iуэхуу щыIэм зэпIэзэрыту, ику иту бгъэдохьэ. Бегъымбарым къригъэщIауэ апхуэдэм ещIэ пщIыхьэпIэфIхэр, зэIубзу плъагъухэр Алыхьым къызэрыбгъэдэкIыр. Абыхэм уагъэгуфIэу икIи уагъэгушхуэу, языныкъуэхэм уагъэгузавэу зэрыщытыр. Апхуэдэ пщIыхьэпIэм теухуауэ Мухьэммэд бегъымбарым жеIэ: «**Къемэт махуэр къыщыблэгъам деж муIминым пщIыхьэпIэ ильагъум пцIы къыхэмыхьэжыхху хъуным нэсынущ; зи пщIыхьэпIэр нэхъ пэжыр нэхъ пэж жызыIэу къыфхэтхэращ. МуIминым и пщIыхьэпIэри бегъымбарыгъэр зэрызэхэлъ Iыхьэ плIыщIрэ хым щыщ зы Iыхьэщ**» (*Бухъарийрэ Муслимрэ къаIуэтэжащ*).

ПщIыхьэпIэ Iейхэр, цIыхур зыгъэгужьейхэр е фIэщщIыгъуейуэ щытхэр къызыбгъэдэкIыр шейтIаныршщ. Апхуэдэм и деж дэтхэнэми ищIэн хуейуэ хьэдисым къыхощыр: и сэмэгурабгъумкIэ щэ епщэу, илъэгъуам Iей хэлъым Алыхьым щихъумэну елъэIунращ. «Ар зыщIэм пщIыхьэпIэм и зэран къекIынукъым», - жеIэ Мухьэммэд бегъымбарым.

Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа Абу Сэлэмэ зэрыжиIэжымкIэ, пщIыхьэпIэ ильагъурти, ильэгъуам сымаджэ ирихъут, и нэгу щIэкIар апхуэдизкIэ къытехьэлъэрти. Жэщым Iей зылъагъум ищIэн хуейуэ хьэдисым къыщыкIуэр иужькIэ къыжраIэри, пщIыхьэпIэ шынагъуэхэр зыуи къыфIэмыIуэхуж хъуащ (*Щэхьихь Муслим*).

ШейтIаным къыбгъэдэкI пщIыхьэпIэхэм я щапхъэщ мыри. Зы губгъуэрыс бегъымбарым и деж къакIуэри, хуиIуэтащ: «Алыхьым и лIыкIуэ! ПщIыхьэпIэм сыхэту слъэгъуащ си щхьэр паупщIри пыхуауэ, сэри абы сыкIэлъыжэу». Ар щызэхихым бегъымбарым жиIащ: «ШейтIаныр пщIыхьэпIэкIэ къызэрыбдэджэгуар цIыхухэм яжепIэжу удэмыт!» (*Муслим*).

Ещанэ Iыхьэу цIыхум пщIыхьэпIэкIэ и нэгу щIэкIыу хьэдисым къыхэщыр, зэгупсысахэр илъагъужынращ. Апхуэдэ пщIыхьэпIэр зэщхьыр, цIыхур махуэкIэ и гупсысэр куэдым зэрыжэм хуэдэу, щыжейкIи абы къызэрыхэмыкIырщ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, цIыхум пщIыхьэпIэ илъагъухэм япроцент бгъущIым щIигъур зыхиубыдэр мы иужьрейуэ зыри къызэрымыкIхэращ.

Мис апхуэдэу зэхэхауэ пщIыхьэпIэм и Iуэхур къыдгурыIуэмэ, дэри дытыншынущ, къыдбгъэдэтхэри гугъу едгъэхьынукъым. Аращи, пщIыхьэпIэм къимыкI къитхынукъым, къимыкIIауи жытIэнукъым.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, пщIыхьэпIэм я нэхъыбэм мыхьэнэ ямыIэу арaщ. Апхуэдэу щыщыткIэ ахэр щIэпIуэтэжыни щыIэкъым, уеблэмэ пщIыхьэпIэ Iейр зыми жевмыIэж, жиIэу хьэдис къокIуэ: «Къэнэжыр Алыхьым къыбгъэдэкI пщIыхьэпIэращи, ар езыр гурыIуэгъуэ дыдэу щытынкIэ хъунущ зыми зэпкърихыжын хуэмейуэ. Ар тIэкIу гурыIуэгъуейуэ щытмэ, дэтхэнэ зыми хуэпIуатэну къезэгъыркъым, атIэ хьэдисым зэрыжиIэмкIэ, щIэныгъэлIым е фIы зигу къыпхуилъ цIыхум фIэкIа бгъэдэплъхьэну игъэдурыскъым» (*Тирмизий*).

Дзыхь ирагъэзу пщIыхьэпIэр зыхуаIуэтами епIэщIэкIыу ар щIызэпкърихын щыIэкъым, атIэ Iуэхум и шынагъуагъыр зэхищIэу бгъэдыхьэн хуейщ, пыупщIыпауэ зыгуэр щIыжиIэни хэлъкъым. Iимам Малик еупщIат: «ПщIыхьэпIэр хэти хузэпкърыхыну?» - жаIэри. «Бегъымбарыгъэм апхуэдэу уриджэгу хъуну?» - упщIэкIэ жэуап къаритыжащ.

Ибн Гъэдил-Бэрр итхыжащ: «Ибн Сирин щэ бжыгъэкIэ пщIыхьэпIэхэр къыхуаIуэтэжти, зыри хыжимыIыхьу къигъанэт. Абы щыгъуэми зыкъыхуэзыгъэзам жриIэрт: «Алыхьым щышынэ. НахуапIэм ущыхэткIэ цIыхуфIу дунейм тети, пщIыхьэпIэм и зэран къокIынукъым». Iэмал имыIэу зыгуэркIэ пщIыхьэпIэр зэпкърихын хуей хъуми мыр щIигъут: «Хуэзгъэфащэу бжесIэу арaщ мы къэсIуатэр, сыщыуэнкIи пэжым сытехуэнкIи хъунущ».

ПщIыхьэпIэхэмкIэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм хабжэу щыта ибн Сирин апхуэдэу Iуэхум щыбгъэдыхьакIэ, мыдрейхэм я гугъэр сыт?! Ди щэхукIи ди нахуэкIи дэтхэнэ зыри Алыхьым дыщывгъэшынэ, Абы дыфIэвгъэлIыкI. Зыщыдвмыгъэгъупщэ егъэлеиныгъэм зэи фIы къызэримышэр - ику иту Iуэхум бгъэдыхьэфым и Iуэхур сыт щыгъуи къокI.

●Джэрпэджэж

ЗимыIэр къулейм кIэлъоIэ

«Муслъымэнхэм я хьэдэ щIэлъхьэкIэр гъэтэмэмыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэу «Ислъамым и нурым» фокIадэм и 24-м къытеддзам къыпэджэжахэм ящыщ зыщ Тэрч куейм къикIа мы тхыгъэри.

ДУНЕЙМщехыжынур къызэрыблэгъар зэхищIауэ уэсят къэзыщIыжым ищIэн хуейщ яужь къинэхэм ар ямыгъэзащIэмэ, гуэныхьышхуэ зэрыпылъыр. Абы щыгъуэми дэтхэнэ зы цIыхуми, сэ къызэрыслъытэмкIэ, уэсят зытрищIыхьыну хуитыр и Iэдакъэм къыщIэкIаращ. Ар зыхуэгъэзауэ щытын хуейри и Iыхьлы дыдэхэрщ (къуэшхэм, шыпхъухэм, бынхэм, абыхэм къалъхужахэм). Уэсятыр зыкIи пэщIэувэ хъунукъым КъурIэн лъапIэм къытхуигъэувхэмрэ дызыхуигъэущийхэмрэ. Армырамэ дэри гуэныхь къыдохьри, ар зыгъэзэщIэну етхулIахэри бэлыхь хыдодзэ.

Сэ зэрысщIэмкIэ, КъурIэным иткъым «хьэдэIус» псалъэр, дызыщрихьэлIэр «сэдэкъэмрэ» «бытырымрэщ». Абы щыгъуэми, ефэнды, молэ куэдым жаIэу зэхыдох: «Фи лIам хуэфщIэнрэ хуэвлэжьынрэ фиIэу Тхьэм куэдрэ фигъэпсэу!». Сыт атIэ лIам хуэтщIэфынур? Дунейм ехыжам езыр щыпсэум илэжьаращ игъуэтыжынур. Ислъам диным тету, цIыхуфIу, псапэ зэрихьэу щытамэ, и хьэдрыхэри фIы хъунщ. Армырамэ жьы ухъуху кIэ мыхъун фIэкIа умыщIауэ, «Къысхуэгъэгъу» жыпIэу Тхьэм дауэ уэзрелъэIунур? ИкIи къыпхуищIэну а ущIэлъэIуар – Абы псори елъагъу икIи ещIэ!

Сэ нэхъапэми фи деж сынэтхауэ щытащ икIи «Едвмыгъэгъэлей» си тхыгъэр мы гъэм щIышылэм и 26-м «Ислъамым и нурым» къытевдзащ. Абы истхахэр си закъуэ акъылкъым къызыбгъэдэкIар, атIэ пэжым тетыну хуей молэхэм, ди япэ ита нэхъыжьыфIхэм, цIыху къызэрыгуэкIхэм жаIэу зэхэсхахэр зэщIэскъуэжауэ арaщ. Псом ящхьэращи, сыт хуэдизу сэдэкъэ ящIыми, лIам и гуэныхьыр абы щхьэщихынукъым. Абы щыгъуэми зимыIэр къулейм кIэлъоIэри мылъкугъэкIуэд зэхьэзэхуэ ирагъэкIуэкI, зыри къимыкIыу. УимыIэр къэплъыхъуэу, щIыхуэ къапщтэу дунейм ехыжам хуэбгъэкIуэдрэ, пщэдей пшхын уимыIэжу укъыщIидзыжкIэ сыт хуэдэ псапэ пщIэфынур? Ар динми игъэдурыскъым. ПхуэфIэкIыр, унагъуэм къытемыхьэлъэрщ сэдэкъэ къызыхэкIыпхъэр, арaщ лIам и псэм лъысынури. И чэзу хъуащ лы цIынэр къехьэкIыным кIэ еттынуи. ЯIэрырехьэ сэдэкъэр гъунэгъухэм, зи Iуэху хуэмыщIахэм, сымаджэхэм, някъуэдыкъуэхэм, зеиншэхэм. Арaщ псапэр икIи абыхэм я тхьэлъэIуращ Алыхьым и деж нэсынур.

«Муслъымэнхэм я хьэдэ щIэлъхьэкIэр гъэтэмэмыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэр гъэзэщIэным псоми ди къару етхьэлIэн хуейщ. Ар пхызыгъэкIыну зи къалэн ефэндыхэм ар яукъуэдийрэ дэ нэхъыжьхэм ядэтIыгъыжмэ, ислъам динми ди зэхэтыкIэми я пщIэр нэхъ къэIэта хъунущ. Иджыри зэ къытызогъэзэжри жызоIэ: «КъурIэным итыр дывгъэгъэзащIэ. Абы зэи дыщигъэуэнукъым».

ХЪАЛИЛ Гришэ.
Курп Ищхъэрэ къуажэ.

●ПщIэну щхьэпэщ

Муслъымэн илъэсыщIэр къохьэ

МуслъымэнилъэсыщIэр хьиджрэмкIэ мухьэрэм мазэм и япэ махуэм къохьэ. Абы къыхэкIыу щэкIуэгъуэм и 27-м (мухьэрэмым и 1-м) ислъамымкIэ 1433 гъэр къэунэхунущ.

ИлъэсыщIэр къызэрихьэр дэ дызэресам хуэдэу ехьэжьауэ ислъамым игъэлъапIэхэм ящыщкъым икIи муслъымэн къэралыгъуэхэм ар щаIэткъым. А махуэм мэжджытхэм тхьэ щолъэIу, нэмэз щащI, Мухьэмэд бегъымбарыр Мэккэ икIыу Мединэ 622 гъэм зэрыIэпхъуам теухуа уазхэр щат.

Муслъымэн махуэрыбжэм мухьэрэмыр и япэ мазэщ икIи ар зэрепхьэкIым хуэдэу а илъэсри къэбгъэщIэну къалъытэ. Абы къыхэкIыу Алыхьталэм а лъэхъэнэм цIыхухэм япиубыдащ зэныкъуэкъуныр, зэфIэнэныр, ялъ ящIэжыныр, зауэхэр ирагъэкIуэкIыныр лъэныкъуэ ирагъэзын хуейуэ.

Мухьэрэмыр тобэ къыщахьыжымрэ тхьэ щелъэIумрэ я мазэ лъапIэщ. Мухьэмэд бегъымбарым цIыхухэр зэгуэрым еупщIащ: «Рэмэданым къищынэмыщIауэ сыт хуэдэ мазэм унэщIыну нэхъыфI?». «Тхьэм и мазэу мухьэрэмкIэ фызэджэрщ», - къитыжащ жэуап. Абы и зы махуэкIэ нэщIар нэщI мазэ 30 езыхьэкIам хуегъадэ.

●Мэжджыт цIэрыIуэхэр



2011 гъэм фокIадэм и 11-м якъутэжа Мэзкуу и мэжджыт нэхъыщхьэр.

1904 гъэм Мэзкуу щаухуат

Мы гъэм фокIадэм и 11-м Мэзкуу щакъутащ илъэсищэм щIигъукIэ ислъам диным хуэлэжьа къалащхьэм и Мэжджыт нэхъыщхьэр. Ар куэдым щIэпхъаджагъэ ину къалъытащ икIи илъэсипщI и пэкIэ Нью-Йорк щызэрахьа террорист Iуэхугъуэр къыщыхъуа махуэм зэрырагъэхьэлIами гу лъамытэу къэнакъым.

«АРХНАДЗОР» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъеиныгъэм абы папщIэ игъэхьэзыра заявленэм къыщыгъэлэгъуащ къэралым щыщыIэ щIэиным и хъумакIуэхэр, муслъымэн организацэхэр, экспертхэр тIкIийуэ къапэува пэтми, Мэзкуу и Мэжджыт нэхъыщхьэр зэрызэтракъутар. «Абы щIэхуэр нэхъыбэ ящIыну зэрыжаIэмкIэ щIэуфа хъунукъым зыми хуэмыдэ тхыдэ-щэнхабзэ мыхьэнэ ин муслъымэнхэм къищынэмыщIауэ Мэзкуу псом и дежкIи зиIэ унэр зэрырахар зэрыхьэдыгъуэдахэр», - итщ а тхыгъэм. Хьэлэмэтращи, 1978 гъэ лъандэрэ зы дин IуэхущIапIи къалащхьэм щрахатэкъым, уеблэмэ ахэр лъэпкъ щэнхабзэм и щIэинхэм хагъэхьат.

Мэзкуу и Мэжджыт нэхъыщхьэр 1904 гъэм архитектор Жуковым и проекткIэ яухуауэ щытащ. Абырэ нэгъуэщI зырэщ революцэм и пэ къихуэу къызэIуаха муслъымэн IуэхущIапIэхэм ящыщу къэралым и къалащхьэм нобэр къыздэсым къыдэнэжауэ щытар. Щаухуа 1904 гъэм щегъэжьауэ щакъутэжа 2011 гъэ пщIондэ абы и лэжыгъэр зэи зэпигъэуакъым икIи цIыху минхэр Тхьэ щелъэIуу къекIуэкIащ.

Къалащхьэм и Тхыдэ-щэнхабзэ эксперт советым и унафэкIэ 2008 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм Мэзкуу и Мэжджыт нэхъыщхьэр щэнхабзэм и щIэину къалъытащ. АрщхьэкIэ илъэс някъуэ нэхъ дэмыкIыу Урысейм и Европэ Iыхьэм щыпсэу муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм (абы и Iэтащхьэ шейх Гайнутдин Равил и Iэр щIэлъу) Лужков Юрэ тхыгъэ хуигъэхьащ а унафэр якъутэжыну щIэлъэIуу. Щхьэусыгъуэу къалъытар унэр жыы зэрыхъуамрэ КъаблэмкIэ тэмэму гъэзауэ яухуауэ зэрыщымытамрэщ.

Мамырыгъэм и проспектым тращIыхьыну мэжджытым и проектыр.

Абы къярикIуари нэрылъагъущ: иджыри къэс зыри зытемыгушхуа (коммунистхэри яхэту) Iуэхугъуэр Мэзкуу и властыщIэм зэфIигъэкIащ, къалащхьэм щыпсэу муслъымэн минхэм Тхьэ щелъэIуну щIыпIэхэр яхуигъэмащIэу. Пэжщ, абыхэм цIыхухэр къагъэгугъэ нобэрей мардэхэм къизагъэ мэжджыт нэхъ дахэж Мамырыгъэм и проспектым и деж щыхуаухуэну, уеблэмэ, проектри ягъэбелджылащ. Ар хъарзынэт, ауэ нэхъыфIтэкъэ япэ щIыкIэ ухуэныгъэщIэр зэфIагъэкIрэ, итIанэ жыы хъуар якъутамэ? Псалъэмакъ мыщхьэпэхэри нэхъ мащIэ хъунт, властым хуащI дзыхьми хэхъуэнт. Армырамэ, мы Iуэхум ирипIейтейм, уеблэмэ ирисондэджэрым я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Лъэпкъ зэхущытыкIэхэр махуэ къэс нэрылъагъуу щызэщIэплъэ къэралым и къалащхьэм ари щIахэбгъэхьэнур сыт?

●Фи лъэIукIэ

Дыгъэгъазэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, махуэку	06.48	08.18	13.05	15.22	17.31	19.11
2, мэрем	06.49	08.19	13.05	15.22	17.31	19.11
3, щэбэт	06.50	08.20	13.05	15.22	17.30	19.10
4, тхьэмахуэ	06.51	08.21	13.06	15.22	17.30	19.10
5, блыщхьэ	06.52	08.22	13.06	15.22	17.30	19.10
6, гъубж	06.53	08.23	13.07	15.21	17.30	19.10
7, бэрэжьей	06.54	08.24	13.07	15.21	17.29	19.09
8, махуэку	06.55	08.25	13.08	15.21	17.29	19.09
9, мэрем	06.56	08.26	13.08	15.21	17.29	19.09
10, щэбэт	06.57	08.27	13.08	15.21	17.29	19.09
11, тхьэмахуэ	06.58	08.28	13.09	15.22	17.29	19.09
12, блыщхьэ	06.59	08.29	13.09	15.22	17.29	19.09
13, гъубж	07.00	08.30	13.10	15.22	17.30	19.10
14, бэрэжьей	07.00	08.30	13.10	15.22	17.30	19.10
15, махуэку	07.01	08.31	13.11	15.22	17.30	19.10
16, мэрем	07.02	08.32	13.11	15.22	17.30	19.10
17, щэбэт	07.03	08.33	13.12	15.23	17.31	19.11
18, тхьэмахуэ	07.03	08.33	13.12	15.23	17.31	19.11
19, блыщхьэ	07.04	08.34	13.13	15.23	17.31	19.11
20, гъубж	07.04	08.34	13.13	15.24	17.32	19.12
21, бэрэжьей	07.05	08.35	13.14	15.24	17.32	19.12
22, махуэку	07.05	08.35	13.14	15.25	17.33	19.13
23, мэрем	07.06	08.36	13.15	15.25	17.33	19.13
24, щэбэт	07.06	08.36	13.15	15.26	17.34	19.14
25, тхьэмахуэ	07.07	08.37	13.16	15.26	17.34	19.14
26, блыщхьэ	07.07	08.37	13.16	15.27	17.35	19.15
27, гъубж	07.08	08.38	13.17	15.28	17.36	19.16
28, бэрэжьей	07.08	08.38	13.17	15.28	17.36	19.16
29, махуэку	07.08	08.38	13.18	15.29	17.37	19.17
30, мэрем	07.08	08.38	13.18	15.30	17.38	19.18
31, щэбэт	07.08	08.38	13.19	15.30	17.39	19.19

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

●Махуэгъэпс

ДызыхуэкIуэ мазэм

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 1-м

♦1917 гъэм Тэрч-Дагъыстэн правительствэр къызэрагъэпэщащ.
♦1945 гъэм ЦIыхубзхэм я Дунейпсо Демократ Федерацэр (МДФЖ) къызэрагъэпэщащ.
♦Илъэси 105-рэ ирокъу Совет Союзым плIэнейрэ и ЛIыхъужь, маршал, Къэбэрдей-Балъкъэрым куэдрэ щыIа икIи и ныбжьэгъуфIу щыта **Жуков Георгий.** 1974 гъэм дунейм ехыжащ.
♦Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ**Сосмакъ Валентинэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Къэрал лэжьакIуэ, политик **Джэш ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, академик къэрал лэжьакIуэ **Шыхъуэстэн Амдул-Хьэмид.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 2-м

♦1913 гъэм къалъхуащ шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ нэхъыжьхэм ящыщ **Гъуэщокъуэ Хъусин.** 1983 гъэм дунейм ехыжащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 3-м

♦1935 гъэм Андерсен Ганс и таурыхъхэр зэрыт япэ тхылъыр дунейм къытехьащ.
♦1959 гъэм «Ленин» мылкъутэ атом кхъухьыр дунейм щыяпэу псым техьащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 5-м

♦1936 гъэм СССР-м и Конституцэр къащтащ. Абы ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областыр Къэбэрдей-Балъкъэр Автоном Совет Социалист Республикэ хъуащ.
♦1941 гъэм Совет Дзэ Плъыжьым Москва и деж нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм ебгъэрыкIуэн щыщIидзащ.
♦1927 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Къумыкъу Тыгъуэн.**
♦И ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу физикэ-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик икIи и президент, РАЕН-м и академик **Нэхущ Iэдэм.**
♦1960 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист, публицист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Жыласэ Заурбэч.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 7-м

♦**Граждан авиацэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Арменем щIыр щыхъеям хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ** (1988)

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 8-м

♦1991 гъэм Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэкъуэтыныгъэр (СНГ-р) къэзыгъэхъуа Беловежскэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ. Абы СССР-р щымыIэж ищIащ.
♦Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Шэрий Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Адыгэ сурэтыщI **Еутых Iэсият** къыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 9-м

♦1769 гъэм Урысейм щагъэуващ зауэ тыгъэ нэхъыщхьэр - Георгий щихъым и орденыр.
♦**Коррупцэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 10-м

♦Илъэси 190-рэ ирокъу урыс усакIуэшхуэ, «Современник», «Отечественные записки» журналхэм я редактору щыта **Некрасов Николай** къызэралъхурэ. 1878 гъэм дунейм ехыжащ.
♦1938 гъэм къалъхуащ СССР-м и цIых убэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым тIэунейрэ и лауреат, Урысей Федерацэм Глинкэ Михаил и цIэкIэ щыIэ къэрал саугъэтым и лауреат, Санкт-Петербург къэрал консерваторэм и профессор, дирижер цIэрыIуэ **Темыркъан Юрэ.**
♦**ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Нобель саугъэтым и махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 11-м

♦1815 гъэм Петербург щыIэ Берже заводым япэ урыс кхъухьыр щащIащ.
♦1804 гъэм Париж япэ дунейпсо автомобиль выставкэ къыщызэIуахащ.
♦1946 гъэм ООН-м Сабийхэм защIэгъэкъуэнымкIэ фонд къызэригъэпэщащ.
♦1956 гъэм **Мэлбахъуэ Тимборэ** КПСС-м и обкомым и япэ секретару хахащ. Ар а къулыкъум 1985 гъэ пщIондэ пэрытащ.
♦Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ, «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым и къэфакIуэ пажэу щыта **Егъэн (Багъэтыр) Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 12-м

♦ **Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ**
♦1993 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм палатитI хъу и Парламентыр хахащ.
♦1928 гъэм къалъхуащ Къыргъызым и цIыхубэ тхакIуэ, Ленин и саугъэ тым и лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтым щэнейрэ и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Айтматов Чингиз**, 2010 гъэм дунейм ехыжащ.
♦1948 гъэм къалъх уащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артис т, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ **Балъкъыз Валерэ.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 13-м

♦1949 гъэм Налшык щекIуэкIащ республикэм и цIыхубэ ныбжьыщIэхэм я етIуанэ съездыр.
♦1991 гъэм Налшык щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм я съезд.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 14-м

♦1695 гъэм Петр I и унафэкIэ адыгэпщ **Черкасский Алий (Михаил) Алигъуокъуэ и къуэр** Урысейм и япэ генералиссимусу хахат.
♦И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, дирижер, «Бжьамий» ансамблыр къызэзыгъэпэща **Бекъул Леонид.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 15-м

♦1699 гъэм Петр I и унафэкIэ Урысейр Юлиан маху эгъэпсым хуэкIуащ. 1700 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэсыщIэр щIышылэм (январым) и 1-м щрагъэхьэ, фокIадэм (сентябрым) и 1-м и пIэкIэ.
♦ 1905 гъэм Москва Пушкин и унэр - Литературэм и дунейпсо институтыр - къыщызэIуахащ.
♦ Тхыдэ щIэныгъэ хэм я доктор, профессор **Ло Инал** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦ Композитор **Къэзан Аслъэнджэрий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъ у.
♦ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и редактор **Мыз Майе** къыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 16-м

♦1916 гъэм къалъху ащ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI **Шортэн Аскэрбий.** 1985 гъэм дунейм ехыжащ.
♦Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ **Кушмэзокъуэ Iэсият** къыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 17-м

♦1959 гъэм стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэр къызэрагъэпэщащ.
♦**Стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэм и махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 18-м

♦Илъэс 90 ирокъу СССР-м и цIыхубэ ар тист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Никулин Юрий** къызэралъхурэ. 1982 гъэм дунейм ехыжащ.
♦Илъэс 80 ирокъу медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Къущхьэбий Виктор** къызэралъхурэ.
♦1939 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI, Художествэхэмкlэ Урысей Академием и член-корреспондент, ЩIДАА-м и академик **КIыщ Мухьэдин.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 19-м

♦Илъэси 105-рэ ирокъу парт, къэрал лэжьакIуэ, политик, маршал, Совет Союзым плIэнейрэ и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Брежнев Леонид** къызэралъхурэ. 1982 гъэм дунейм ехыжащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 21-м

♦1944 гъэм Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималю, Урожайнэ, Лэскэн куейхэм район газетхэм къыщыдэкIыу щIадзащ.
♦1879 гъэм къалъхуащ политик телъыджэ, парт, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ, генералиссимус, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Сталин (Джугашвили) Иосиф.** 1953 гъэм дунейм ехыжащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 22-м

♦2001 гъэм Налшык Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэр къыщызэIуахащ.
♦**Энергетикым и махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 23-м

♦1947 гъэм япэ транзистор ящIащ.
♦**Урысейм и ВВС-м жыжьэ лъатэ и авиацэм и махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 24-м

♦1942 гъэм Совет Дзэ Плъыжьым Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыIыгъ фашистыдзэм ебгъэрыкIуэн щIидзащ.
♦1979 гъэм Советыдзэр Афганистаным ихьащ.
♦ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ **КIэхумахуэ ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 25-м

♦**Хьисэ бегъымбарыр къыщалъхуа махуэщ**
♦1914 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къанкъуэщ Ахьмэдхъан.** 1943 гъэм зауэм хэкIуэдащ.
♦ 1919 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Байсултанов Алим.** 1943 гъэм зауэм хэкIуэдащ.
♦ 1919 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Яхэгуауэ Михаил**. 1994 гъэм дунейм ехыжащ.
♦1923 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор **Балэ Мухьэдин.** 1984 гъэм дунейм ехыжащ.
♦ 1929 гъэм къалъхуащ усакIуэ, литературовед, критик, щIэныгъэлI **Сокъур Мусэрбий**. 1998 гъэм дунейм ехыжащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 26-м

♦1991 гъэм СССР-р зэрыщымыIэжымкIэ Декларацэм Iэ щIадзащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 27-м

♦ 1929 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, литературовед, критик **ХьэкIуащэ Андрей.**
♦ 1947 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIых убэ артист, Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и артист, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ **Къэжэр Борис.**
♦**Урысей Федерацэм и къегъэлакIуэм и махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 28-м

♦1959 гъэм Налшык телемеханикэ аппаратурэ заводыр къыщызэIуахащ.
♦1968 гъэм Мейкъуапэ къыщызэIуахащ «ИгъащIэкIэ Урысейм дригъусэу» фэеплъыр.
♦**Кином и дунейпсо махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 29-м

♦1699 гъэм Петр I и унафэкIэ, Европэм щыIэ адрей къэралхэм х уэдэу, Урысейми Хьисэ бегъымбарыр къыщалъхуа махуэм гъэхэр къыдабжу щIадзащ.
♦ И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу тхакIуэ, журналист цIэрыIуэ **Гъэунэ Борис**.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 30-м

♦1922 гъэм Советхэм я I Союзпсо съездым къызэригъэпэщащ Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр - СССР-р.
♦1972 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуагъэфэщащ «Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэ» орденыр.
♦Илъэс 80 ирокъу КъБКъУ-м и доцент, педагог цIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Чым Юрэ.** 2011 гъэм дунейм ехыжащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ И 31-м

♦1898 гъэм Москварэ Петербургрэ япэ телефонкIэ зэпащIащ.
♦ 1932 гъэм къалъ ху ащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, пшынауэ Iэзэ **Пщыхьэщ Мухьэжыр.** 2006 гъэм дунейм ехыжащ.
♦ 1939 гъэм къалъх уащ Урысей Федерацэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ ар тист, композитор, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Бэрэгъун Владимир**. 1998 гъэм дунейм ехыжащ.
♦ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Елдар Мэржан** къыщалъхуа махуэщ.

Зыгъэхьэзырар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

●Спорт хъыбархэр

Бэнэкlэ хуит

Ашэмэзрэ Артёмрэ я текIуэныгъэ

Пермь къалэм щекIуэкIащ 1995 - 1996 гъэхэм къалъхуахэм бэнэкIэ хуитымкIэ я урысейпсо зэпеуэ.

НЫБЖЬЫЩIЭ 600-м нэблагъэ зыхэта зэхьэзэхуэм фIыуэ зыкъыщагъэлъэгъуащ ди щIалэхэми. Килограмм 58-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм дыщэ медалыр къыщихьащ Джэрыджэ Альберт и гъэсэн Къардэн Ашэмэз. Абы зыкъыкIэригъэхуакъым килограмм 80 зи хьэлъагъхэм я зэныкъуэкъуныгъэм щытекIуа Умар Артём. Ар егъасэ Къущхьэ Замир.

Иджы Ашэмэзрэ Артёмрэ зыхуагъэхьэзыр дызыхуэкIуэ мазэм Ташкент (Узбекистан) щекIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэм.

Дзюдо

Гран-при зэпеуэм

Амстердам (Голландие) щызэхэтащ дзюдомкIэ Гран-при зэпеуэм и зи чэзу зэхьэзэхуэ. Абы жэз медалыр къыщихьащ Мудрэн Беслъэн.

КЪЭРАЛ 71-м икIа дзюдоист 500-м щIигъу зыхэта зэхьэзэхуэм и саугъэт фондыр доллар минищэм нос икIи гъэ къакIуэ Лондон щекIуэкIыну Олимпиадэм хэтынухэр зэхагъэкIын папщIэ абы текIуэныгъэр къыщызыхьам очко 200, къыкIэлъыкIуэм - 120-рэ, ещанэм - 80 хупатхэ. Гран-прим и зэпеуэ псоми кърикIуахэр иужькIэ зэхалъхьэжынурэ, нэхъыфIхэр ягъэбелджылынущ.

Урысей Федерацэм и к омандэ къыхэхам и спорт смен нэхъ лъэщхэр Амстердам игъэкIуащ. Зэхьэзэхуэм и япэ махуэм килограмм 60-м нэблагъэ зи хьэлъагъхэм я деж дыжьын медалыр къыщихьащ ди лъахэгъу Мудрэн Беслъэн. Адыгэ щIалэр Мароккэм щыщ Мадутиррэ Израилым икIа Аршанскэмрэ гугъу демыхьыщэу хигъэщIащ. Финал ныкъуэм абы хьэрхуэрэгъу къыщыхуэ хъуащ мы гъэм Азием щекIуэкIа чемпионатым етIуанэ увыпIэр къыщызыхьа Даваадорж. Монгол бэнакIуэм Мудрэныр пэлъэщакъым икIи жэз медалымкIэ арэзы хъун хуейуэ къыщIэкIащ.

Самбэ

Абазэ Ислъам ещанэщ

СамбэмкIэ дунейпсо чемпионат Вильнюс (Литва) щекIуэкIащ. Зэхьэзэхуэм кърихьэлIат къэрал 65-м икIа бэнакIуэ 450-м щIигъу.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэ ту абы ехъулIэныгъэкIэ зыкъыщигъэлъэгъуащ Абазэ Ислъам. Килограмм 90-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм ди лъахэгъум ещанэ увыпIэр къыщихьащ икIи жэз медалыр къыхуагъэфэщащ.

Каратэ

Дыщэм и нэхъыбэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къашэ

Румынием и къалащхьэ Бухарест щызэхэтащ ашихара-каратэмкIэ дунейпсо чемпионатрэ зэпеуэрэ. Къэрал 19-м икIа спортсмен 300 зыхэта зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэхэм фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм ныбжьыщIэхэм я командэ къыхэхам зэхьэзэхуэм бжыпэр щиубыдащ. Балигъхэр етIуанэ хъуащ, хэгъэрейхэр мащIэу япэ ирагъэщри.

Мы зэхьэзэхуэм ди къэралым дыщэ медаль нэхъыбэ дыдэ къыщыхуэзыхьар Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэрщ. Апхуэдэу зыхэта хьэлъагъым елъытауэ, пашэныгъэр зэпеуэм щаубыдащ Щынахъуэ Муратрэ (килограмм 55-м нэс) Хульнаев Темерланрэ (килограмм 60-м нэблагъэ). Чемпион хъуахэщ Щоджэнхэ Аслъэнрэ (килограмм 60) Руслан рэ (килограмм 75), Османов Марат (килограмм 80-м нэс).

Жэз медалхэр къахьащ Мер Мартинрэ (килограмм 65) Абрэдж Алимрэ (килограмм 70).

Зи гугъу тщIа щIалэхэр я гъэсэнщ Сэбаншы Муратрэ Шахмурзаев Щыхьмырзэрэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

●Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Вэрокъуэ Владимир гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуех.

Плъыфэхэм къагъэщI макъамэр

Иджыблагъэ зэрагъэпэщыжа ЩэнхабзэмкIэ фондым «Плъыфэм и макъамэ» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахащ.

А ФIЭЩЫГЪЭР сурэтыщI гъуазджэм фIыуэ хуокIуэ, ижь-ижьыж лъандэрэ плъыфэр макъамэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащи. Гъэлъэгъуэныгъэм хэт дэтхэнэ зыми макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэщI. Апхуэдэщ Плотников Василий и «Темыркъан Юрэ и сурэт», Хьэжь Алик и «Щихухэр», Пак Софье и «Гъэмахуэ уэс», Зеленская Юлие и «Сирень» гум дыхьэ макъамэ щэхухэр зыщIэт IэдакъэщIэкIхэр.

Бгъэжьнокъуэ Заурбэч и «Кавказ зауэм и зэманым яуса адыгэ уэрэдхэр» зыфIища графикэ лэжьыгъэхэм пасэрей лъэпкъ уэрэдыжьхэм я ежьу щIэтщ икIи тхыдэр, адыгэ лъэпкъым и щхьэм кърикIуар уигу къагъэкIыжу гупсысэ куум ухашэ.

КIэщIу жыпIэмэ, гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа сурэтхэм я плъыфэхэм уэрэд куэд «къыбжаIэ».

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сабийхэм я IэдакъэщIэкIхэр

Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ музейм къыщызэIуахащ зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэм я IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Ар къызэригъэпэщащ Налшык къалэ администрацэм Егъэджэныгъэмкlэ и департаментым.

САБИЙ творчествэмкIэ къалэ центрым и гъэсэн сурэтыщI ныбжьыщIэхэм утыку кърахьащ жыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ящIа лэжьыгъэхэр: пластилин мозаикэхэр, щыгъэм, щэкIым къыхэщIыкIахэр, сурэтхэр. Псалъэм папщIэ, илъэс пщыкIутI зи ныбжь Андрющенкэ Сашэ ищIа дыщэ бдзэжьей цIыкIухэм таурыхъым укъыщагъэхутэми ярейщ.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуахащ концерткIэ. Псом хуэмыдэу къызэхуэсахэр дихьэхащ адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ уэрэд жызыIа, «Эдельвейс» клубым и гъэсэн Мэрзалы Елдар. Апхуэдэу гъэщIэгъуэнт «ЛIыжьхэм я къафэр» (зыгъэзэщIар Кулиевхэ Къурмэнрэ Елдаррэщ), Кулиев Къурмэнрэ «Нарат» клубым хэт Шэт Алинэрэ ягъэзэщIа лъэпкъ къафэр, ХьэIупщы Миланэ и пшынэ гъэбзэрэбзэкIэмрэ Уэртэбей Амир и бэрэбан еуэкIэмрэ («Нарат» клуб).

ЦIыхубзхэм я Налшык къалэ советым и унафэщI Дыджэш Лидэ «Эдельвейс» клубым тыгъэ хуищIащ сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэм къащыхуэсэбэпыну хьэпшып куэд.

Дыгъэгъазэм и 10 хъуху екIуэкIыну гъэлъэгъуэныгъэм гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. МахуипщIым и кIуэцIкIэ къалэм дэт школхэм я еджакIуэ цIыкIухэр Лъэпкъ музейм къашэнущ. Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщIым и къуэдзэ Сотниковэ Маринэ къызэрыхигъэщамкIэ, выставкэм къакIуэхэм яхутепсэлъыхьынущ сабий ныкъуэдыкъуэхэм я гъащIэм, я зэфIэкIым, я псэукIэм, абыхэм уадэIэпыкъуным псапэшхуэ зэрыпылъым.

БЕКУЗАР Юлие.

●Хабзэхъумэ IэнатIэхэм

ЕтIуанэу щыщIащыкIым

Iэдииху жылагъуэм Хьэжнэгъуейм и уэрамым тет уней лъапсэм къагъэуэ Iэрыщ I Iэмэпсымэхэр щагъэхьэзыр лабораторэ цIыкIу мы махуэхэм къыщагъуэтри къагъэуащ.

КъБР-м и хабзэхъумэ IэнатIэхэм аргуэру а лъапсэр щыщIапщытыкIым къагъэуа ухуэныгъэм и къутахуэхэм къыхагъуэтащ: мы гъэм мазаем и 2-м Урысей МВД-м Шэджэм куеймкIэ и къудамэм и гъуэгуплъыр къулыкъум и лэжьакIуэхэр щаукIам ядыгъуауэ щыта АКСУ автоматыр, уэздауэ абы и шалъи 4, радиол пкъыгъуэу 24-рэ, щэкIым къыхэщIыкIа нэкIупхъуэ фIыцIэ, ВОГ-25 шэм и пкъыгъуэхэр, «Крона» аккумулятор батарейкэ, нэгъуэщIхэри.

Хадэм щыщIэтIауэ къагъуэтащ пластик канистрым игъэзэгъа къагъауэ Iэрыщ I Iэмэпсымэ. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, абы и лъэщагъыр тротил килограмми 5-м хуокIуэ. Шынагъуэ зэрыпылъым къыхэкIыу, ар щIыпIэм деж къыщагъэуащ.

Автоматыр ядыгъу

Налшык къалэ Хмельницкэм и уэрамым боевикхэр зыщIэса фэтэрыр къыщащым къагъуэтащ: «Кедр» кIэрахъуэ-пулемет, шалъэ щIыгъуу, пIэтIронх эр зэрылъ ПМ кIэрахъуэ, АКС-74У ав томат.

«Криминальнэ Iэщэ» хъыбарегъащIэ центрым и базэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, автоматыр мы гъэм мазаем и 2-м Урысей МВД-м Шэджэм куеймкIэ и къудамэм и гъуэгуплъыр къулыкъум и лэжьакIуэхэр щаукIам ядыгъуауэ щытащ.

Къищынэмыщlауэ автоматым и шалъэу 2, Iэщэ Iэмэпсымэу щэ бжыгъэхэр, жып телефонитI, кIэрахъуэ шалъэхэр, гранатэхэр щаIыгъ, кIэрахъуалъэ, ноутбук къытрахащ.

Хабзэм ипкъ иткIэ, яубыдащ бандэ гупым хэтхэм псэупIэкIэ, ерыскъыхэкIкIэ защIэзыгъакъуэ цIыхуищ.

Уголовнэ Iу эху къаIэтащ.

КъБР-м и Хабзэхъумэ IэнатIэхэм зэдай хъыбарегъащIэ центр.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэу ЩхьэщэмыщI Изэ *(3, 4, 5-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1, 2, 6-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Мариannэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.553● Заказ №3875